

**ORANGE BOARD OF EDUCATION PUBLIC SCHOOL DISTRICT**  
**Administration Building**  
**451 Lincoln Avenue, Orange, New Jersey 07050**

**4 Janvyè 2022**

Apèl pou Prezans  
Oditoryòm  
6:00 p.m.

Orange Preparatory Academy  
400 Central Avenue

An konfòmite avèk **Règleman 0162 Konsèy Depatman Edikasyon an ak Lwa sou Reyinyon Piblik Lib, Chapit 231**, sa a se pou anonse ke Reyinyon Piblik Lib Vityèl Chapi 231 Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan ap konvoke avèk avi adekwa. Avi sou reyinyon sa a te afiche nan Biwo Administratif la, nou depoze'l nan Biwo Grefye Vil Orange lan epi nou remèt li bay Transkripsyon Orange, Star Ledger, ak Local Talk.

Konsèy Deapman Edikasyon Vil Orange lan ankouraje patisipasyon ak opinyon manm piblik la nan reyinyon konsèy li yo. Sepandan, an akò avèk Règleman Komisyon Konsèy la, nou p'ap pèmèt atak vèbal kont manm pèsonèl endividyèl yo oswa kont manm nan Komisyon Konsèy la. Nou ankouraje moun yo pou yo adrese Komisyon Konsèy la konsènan kòmantè ki gen rapò avèk atik ajanda a oswa pwoblèm konsènan pwosesis edikasyonèl. Kòmantè piblik yo limite a yon (1) patisipan pou yon dire maksimòm twa (3) minit. Tanpri n'ap avize ou ke, reyinyon sa ap anrejistre epi l'ap difize andirèk atravè entènèt. Konsèy Depatman Edikasyon an remèsye w pou kowoperasyon w.

**SALYE DRAPO A**

**SESYON EGZEKITIF LA**

Y'ap pran yon ti Pòz a 6:45 pm jiska 7:30 pm

**SEREMONI PRETE SÈMAN POU MANM KONSÈY EDIKASYON KI FÈK ELI YO**

David Armstrong  
Derrick Henry  
Siaka Sherif

**REZOLISYON KONSÈY EDIKASYON YO**

**OUVÈTI REYINYON AN POU KÒMANTÈ PIBLIK**

**Sijè ki pral diskite yo/ki pral vote yo:**

22-001 Rezolisyon pou Eli yon Prezidan pou Konsèy Depatman Edikasyon Lekòl Distri Orange lan, Kalandrye Konsèy Depatman Edikasyon an pou Ane 2022 a

22-002 Rezolisyon pou Eli yon Vis Prezidan pou Konsèy Depatman Edikasyon Lekòl Distri Orange lan, Kalandrye Konsèy Depatman Edikasyon an pou Ane 2022 a

22-003 Rezolisyon pou apwouve Komite sa yo nan Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan pou Kalandriye Ane 2022 a:

Odyans Disiplinè

Resous imen

Règleman yo

Kourikoulòm ak Enstriksyon

Finans

Relasyon Piblik

Orange Minicipal Alliance pou Prevansyon ak Edikasyon pou Abi Dwòg/Alkòl  
Komite Eta Mwayen yo

## **Paj 2.**

### **4 Janvyè 2022 – Ajannda Òganizasyon Piblik la**

22-004 Rezolisyon pou Apwouve Orè Kalandriye Reyinyon Biznis Konsèy Depatman Edikasyon an pou Ane 2022 a

22-005 Rezolisyon pou Nonmen Avoka Konsèy Administrasyon Lekòl la pou Kalandriye Ane 2022 a

22-006 Rezolisyon pou Nonmen Avoka Komisyon Konsèy Negosyasyon Lekòl la pou Kalandriye Ane 2022 a

### **ORÈ REYINYON YO PWOGRAME KONSA:**

#### **Piblik**

- Reyinyon Vityèl Komite Kourikoulòm lan - Madi 25 Janvyè 2022 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Etablisman yo - Lendi 3 Janvyè 2022 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Reyòganizasyon – Madi 4 Janvyè 2022 a 7:00 pm, k'ap fèt nan Oditoryòm OPA a, 400 Central Avenue Orange, NJ 07050.
- Reyinyon Vityèl Komite Relasyon Piblik yo - Madi 4 Janvyè 2022 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Finans lan- Mèkredi 6 Janvyè 2022 a 5:30 p.m.
- Reyinyon Piblik Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan- Madi 11 Janvyè 2022 a 7:30 p.m., k'ap fèt nan Oditoryòm OPA a, 400 Central Avenue Orange, NJ 07050. Y'ap pran yon ti Pòz a 6:45 pm jiska pa pita ke 7:30 pm

#### **Fènti**

- Reyinyon Vityèl Komite Resous Imèn – Lendi 10 Janvyè 2022 a 5:30 p.m.

KORESPONDANS YO

**KÒMANTÈ DEPATMAN EDIKASYON YO**